

*Nan kòmansman  
Bondye kreye  
syèl la ak tè a  
(Jenèz 1:1)*

## **Kòmansman Kreyasyon an**

**ANVAN KÒMANSMAN TAN AN**, pa te gen gwo pye bwa, ni gwo montay, ni zetwal nan syèl la. Bondye te la sèlman. Li di nou nan liv verite a ki se la Bib, tout sa ki te pase.

Bondye kreye, sa vle di, li fè sa ki pa te la anvan syèl la ak tè a. Men, latè pa te gen fòm, li pa te gen anyen sou li. Bondye di. Se pou limyè fèt, epi limyè te fèt. Bondye gen tout pouvwa, sèlman li pale nan pisans li, li kreye tout sa ki la nan syèl la ak sou tè a.

Se konsa sa te pase. Bondye gade sa l te fè a li wè l bon nèt yon lannwit pase, yon maten rive, se te sizyèm jou a. Konsa, Bondye pa te pran anpil tan pou l te fè syèl la, tè a, limyè a, zetwal yo, tout kalite plant, tè sèk ak tout kalite bèt vivan. Tout sa Bondye te fè a li te wè l bon nèt. Sa ki te pi bèl ankò, se jan Bondye kreye moun nan sizyèm jou a. Bondye kreye yon gason ak fi.

Moun sa yo kreye pou plizyè rezon: Adan ak Ev premye moun ki te kreye ak pousyè tè a pou viv pou Bondye. Ev te kreye ak zo kòt Adan. Sa pa fè nou al kwè tou 2 moun yo te kreye yon fason espesyal. Nonm nan kòm kreyasyon espesyal te fèt pòtre ak Bondye. Sa pa vle di, pou li te sanble ak li fizikman. Lòm pa ka pòtre li paske li se lespri. Li pa tankou moun ki gen chè ak zo. Li kreye lòm pòtre li, sa vle di bon nèt, san peche, pòtre ak li, menm lespri ak li.

Se konsa, sa te pase, Bondye gade sa l te fè a li wè l bon nèt. Lèfini, li bay nonm ak fanm nan yon nanm. Sèlman moun ki gen yon kò ak nanm. Pa gen lòt bagay ankò ki kreye ki te gen nanm ladan l.

Men, apre tout bagay sa yo, sa vle di lòm fèt pòtre Bondye, li bay yo pouvwa pou donte sa vle di yo gen pouvwa sou pouason ki nan lanmè yo, sou swazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a. A la yon gwo chay lou Bondye bay lòm. Men, depi Lòm vire do bay Bondye bagay li kreye yo pa ka jwenn bon jan swen jan sa te ye nan kòmansman an. Lòm madichonnen ak tout bèt jaden ak tout bèt nan bwa . Sa fè lap mache touye ak bay tout bèt sovaj pouazon, koupe pye bwa san plante lòt. Nou pa pran swen tout sa Bondye te kreye jan sa te dwe fèt la. Kounye a jan nap viv la se pa t konsa, sa te ye nan kòmansman an. Nou kapab di nou neglije kò a. Lè nou ale pi lwen toujou, nou pran plezi, nan bwè diven san limit, manje ak fimèn. Lè nap fimèn dwòg nap detwi kò a. Nou pèdi pòtre Bondye jan sa te ye anvan an. Sispann viv nan dezòd, an nou viv yon jan ki pou fè Bondye plèzi, sa vle di di l mèsè pou sante l bannou ak jan li pran swen tout sa li fè n kado.


Ann fè lwanj pou li paske se li menm ki kreye nou fòn respekte l pou bèl mèvèy li yo. Pa gen lòt bagay ki reflechi menm jan ak nou, ki gen yon nanm, lòt bagay ankò. Nanm sa a se yon kado Bondye akòz konfyans nan sila a ki se Sovè Pitit Bondye a. Nanm nan gen poul tounen jwenn Bondye ki te fè nou kado l la. Nou leve vwa nou pou nou di. Lwanj pou Sènyè a paske li bon.

---

**POU NOU KA PI BYEN KONPRANN BIB  
LA. LI JENÈZ CHAPIT 1AK 2.**

***Bondye kreye moun  
li fè l pòtre ak li, li  
kreye yon gason ak fi  
(Jenèz chapit 1  
vèsè 27)***





*Se poutèt yon sèl  
moun peche antre  
sou latè. Peche a  
louvri pòt pou  
lanmò.*

*(Ròm chapit 5  
vèsè 12)*

## **Pwomès la Anonse**

**BONDYE KREYE GASON** ak fi an premye.

Lèfini, li bay chak moun travay pa yo. Lòm ou se chèf madanm lan, se zo kòt ou. Men, Adan kite Ev pran tèt li, li peche, menm jan, Satan te pran Ev nan pèlen an. Se konsa, madichon te tonbe sou tout moun. An nou gade kòman sa te ye:

Depi, Bondye kreye lemonn, li te mete premye paran nou yo, yon kote. Senyè Bondye a fè yon jaden nan yon zòn yo rele Edenn, li te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an, bèl pyebwa ki donnen fwi ki bon pou manje. Adan ak Ev te alèz nan jaden an. Travay la pa t di, se te la jwa. Men, Bondye pase nonm nan lòd sa a: Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Bondye di Adan jou li manje l la p mouri. Yon zanj yo rele Satan ki te fache kont Bondye, parèt nan mond lan, li fè Ev fè move lide lè li di. Se pa vre, nou pa p mouri pyès, Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan l, je nou ap louvri, na vin menm jan avè l. Se konsa, fanm lan gade, li wè jan pyebwa Bondye pa t vle a te bèl. Li keyi kèk fwi, li manje, li pote bay mari l ki manje ladan l.

Tout moun dezobeyi kòmandman Bondye a. Pou rezon sa a, tout moun fè peche. Menm peche sa a, fè n tonbe anba kondanasyon Bondye. Se konsa, lanmò espirityèl kouvri tout moun. Yon lòt fwa ankò lanmò fizik.

Lòm pèdi nan peche sa fè tout moun vire do bay Bondye. Konsa nou vin pa sanble li, tout moun fè peche, pèsòn pa konnen li ankò. Li menm, kite konnen tout bagay, mete Adan ak Ev deyò nan jaden Edenn lan. Sa vle di, Adan ou va travay di. Se pa

Janm konsa sa te ye pou Adan nan kòmansman, sa vle di, li te gen pou l okipe jaden yo elatriye, menm jan ak nou. Men, Adan pa t resevwa sèlman madichon pou l travay di. Men kò li te gen pou l tounen pousyè ankò. Ev te gen pou l souffri anpil, lè la p akouche. Konsa Bondye di, se mari ou ki va chèf ou, menm jan sa kontinye jodi a.

Bondye pa sèlman dwat ak jis. Men, li gen mizèrikòd ak padon pou li bay ak tout moun ka p fè peche, menm jan ak nou. Sila, ki beni, plen mizèrikòd li di nan pwomès li: yon Sovè, pral kraze, tèt sèpan an sa vle di, djab la te gen pou l pèdi pisans li. Se konsa, li te gen pou l mòde Sovè a nan talon pye l. Depi nan kòmansman, Sovè a te pwomèt. Se pa t yon lòt, men Jezikri, Pitit Bondye a, lè li souffri, mouri e leve vivan nan lanmò. Li delivre nou anba peche ak krentif lanmò, anba pouvwa Satan. Nou bezwen Sovè sa a. Lè nou fèt, nou fèt ak peche. Se konsa, nou jwenn peche nan zansèt nou yo, sa vle di Adan ak Ev. Konsa, chak jou na p fè peche. Pèsòn pa rive fè sa Bondye vle a lè na p bay manti, volè ak madichonnen.

Pran egzanp lè nou ap bay manti sou frè parèy nou, lè nou bay yonn pi plis enpòtans pase lòt. Se konsa tout moun tonbe anba kondanasyon ki pa p janmen fini sa vle di, lanfè paske, tout moun vire do bay Bondye. Sèl jan pou nou jwenn kouraj nan Bondye, se konnen pwomès la akonpli, lè li voye Sovè a. Konsa, nou kapab konnen plis sou mizèrikòd ak bon jan renmen li nan Bib la.

---

**POU KONNEN PLIS TOUJOU NAN BIB LA,  
SOU JAN LÒM PÈDI NAN PECHÉ,  
LI JENÈZ CHAPIT 3.**

***Ou menm ak fanm lan, ma p fè nou lènmi youn ak lòt. Pitit pitit pa l ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou.  
(Jenèz chapit 3 vèsè 15)***

